# MUZÍKA SABAQLARÍNDA "KLASTER" HÁM "SINKVEYN" METODLARÍN QOLLANÍW ARQALÍ OQÍWSHÍLARDÍŃ LOGIKALÍQ OYLAWÍN RAWAJLANDÍRÍW

**Omarova Anar** – *assistent oqıtıwshı*
anarxanomarova@gmail.com
**Bekbaulieva Feruza Majit qızı** – *student*
iskenderovaferuza62@gmail.com
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı "Muzıkalıq tálim" kafedrası*

# РАЗВИТИЕ ЛОГИЧЕСКОГО МЫШЛЕНИЯ УЧАЩИХСЯ ПОСРЕДСТВОМ ПРИМЕНЕНИЯ МЕТОДОВ "КЛАСТЕР" И "СИНКВЕЙН" НА УРОКАХ МУЗЫКИ

**Омарова Анар** – *ассистент-преподаватель*
**Бекбаулиева Феруза Мажит кизи** – *студент*
*Нукусского государственного педагогического института имени Ажинияза*

# DEVELOPING STUDENTS' LOGICAL THINKING THROUGH THE APPLICATION OF "CLUSTER" AND "SINKWAYNE" METHODS IN MUSIC LESSONS

**Omarova Anar** – *Assistant Lecturer*
**Bekbauliyeva Feruza Mazhit kizi** – *student*
*Ajiniyaz Nukus State Pedagogical Institute*

**Tayanch sózler:** pedagogikalıq texnologiya, muzıka mádeniyatı, Klaster, Sinkveyn, logikalıq oylaw, estetikalıq túsınık, integraciya, kognitivlik rawajlanıw.

**Rezyume.** Bul maqalada unıwma bilim beriw mekteplериniń muzıka mádeniyatı sabaqlarında zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar, sonday-aq, "Klaster" (Tarmaqlaw) hám "Sinkveyn" (Bes qatarlı qosıq) metodların qollanıw imkaniyatları keń mániste tallanadı. Maqalada bul metodlardıń baslawısh hám joqarı klas oqıwshılarınıń logikalıq oylawın, kórkem-estetikalıq talabın, analizlew hám sintezlew qábiletlerin rawajlandırıwdağı pedagogikalıq áhmiyeti tiykarlanǵan. Muzıka pániniń tek ǵana sezimlik emes, bálki intellektual-logikalıq pán ekenligi túsindirilip, sabaq procesinde bul metodlardı ámeliy qollanıw boyınsha unikal nusqalar hám metodikalıq usnıslar usınılǵan.

**Ключевые слова:** педагогическая технология, музыкальная культура, кластер, синквейн, логическое мышление, эстетическое понимание, интеграция, когнитивное развитие.

**Резюме.** В данной статье подробно анализируются возможности применения современных педагогических технологий, а также методов "Кластер" и "Синквейн" на уроках музыкальной культуры в общеобразовательных школах. В статье обосновано педагогическое значение этих методов в развитии логического мышления, художественно-эстетических требований, способностей к анализу и синтезу у учащихся начальных и старших классов. Поясняется, что музыка - это не только чувственная, но и интеллектуально-логическая наука, и в процессе урока представлены уникальные экземпляры и методические рекомендации по практическому применению этих методов.

**Key words:** pedagogical technology, musical culture, cluster, synкbein, logical thinking, aesthetic understanding, integration, cognitive development.

**Summary.** This article provides a detailed analysis of the possibilities for applying modern pedagogical technologies, as well as the "Cluster" and "Sinkwayne" methods in music culture lessons in general education schools. The article substantiates the pedagogical significance of these methods in developing logical thinking, artistic-aesthetic requirements, and analytical-synthetic abilities in primary and high school students. It is explained that music is not only a sensory but also an intellectual-logical science, and unique examples and methodological recommendations for the practical application of these methods are presented during the lesson process.

Zamanagóy bılımlendiriw sistemasınıń tiykarǵı talaplarınan biri-oqıwshılarǵa tek tayın bılislerdi sińdiriw emes, bálki olarda mustaqıl, sın kózben qarawshı hám logikalıq oylaw sistemasın qalıptastırıw bolıp tabıladı. Kóbinese unıwma bilim beriw mekteplerinde muzıka mádeniyatı páni tek sezimlerge, qosıq aytıw hám tıńlawǵa baǵdarlanǵan, quramalı logikalıq oylawdı talap etpeytuǵın pán retinde qabıl etiledi. Biraq bul mániste dástúriy túsınik jańalanıwı shárt.

Muzıka-bul óz aldına úlken matematika, nızamlıqlar hám strukturalıq sistema bolıp, ol baladan joqarı dárejeli intellektual belsendilikti talap etedi.

Muzıka sabaqlarında oqıwshılardıń logikalıq oylawın, túsniklerin ulıwmalastırıw hám kognitivlik qábiletlerin rawajlandırıwda interaktiv metodlar, ásirese, **"Klaster"** hám **"Sinkveyn"** metodları úlken nátiyje bermekte. Bul metodlar muzıkalıq shıǵarmalardı hám terminlerdi tek estetikalıq jaqtan sezinip ǵana qol qatpay, olardı sanalı túrde túsiniwge, logikalıq baylanıslar ornatıwǵa hám pikirdi ıqshamlap sútlewge járdem beredi. Bul maqala joqarıda atalǵan metodlardı

muzıka sabaqlarına engiziwdiń keń mánistegi jolları hám metodikalıq tiykarlarına baǵdarlanǵan.

Muzıkalıq oylaw hám logikanıń óz-ara baylanısı, bunda: **Muzıkalıq oylaw-** bul sesli obrazlar arqalı sáhlelendiriw forması bolıwı menen birge, ulıwma intellektual rawajlanıwdıń ajıralmas bólimi esaplanadı. Oqıwshı muzıka tıńlaǵanda yamasa nota sawatın úyrenip atırǵanda tómendegi logikalıq operaciyalardı ámelge asıradı:

- Muzıkanıń quramalı bólimlerin (temp, ritm, registr, dinamika) ajıratıw.
- Bul bólimlerdi biriktirip, shıǵarmanıń ulıwma xarakterin túsiniw.
- Maqom formaları, xalıq qosıqları hám kompozitorlıq muzıkanıń ózgerislerin tabıw. Bul proceslerdi jedellestiriw ushın sabaqta dıqqattı shınıqtırıwshı grafikli organayzerler hám sóz dizbekleri kerek boladı. "Klaster" (Tarmaqlaw) metodı hám onıń muzıka sabaqlarındaǵı logikalıq mánisi. "Klaster" (ingliswshisinen *cluster*-top, qatlam)-bul oqıwshılardıń qanday da bir tema boyınsha bılım hám túsıniklerin grafik formada tarmaqlap, logikalıq sheshimdi kórsetiw metodı. Bul metod dıqqattı bir jerge jıynawǵa, erkin oylawǵa hám túsinikler arasındaǵı strukturalıq baylanıstı tabıwǵa xizmet etedi. Muzıka sabaǵında Klaster duziw procesinde oqıtıwshı, aylana ishine oraylıq túsinikti (mısalı, *"Simfoniyalıq orkestr", "Muzıka janrları", "Kompozitor"* h.t.b. mazmundaǵı temalardı) jazadı. Oqıwshılar bolsa usı temaǵa sáykes keletuǵın tarmaqlardı oylap tabıwı hám olardı logikalıq sistemada jaylastırıwı kerek. Mısalı: Muzıka sabaqlarında grafik organayzerlerden paydalanıw, ásirese, baslawısh klas oqıwshılarınıń yadında maǵlıwmatlardıń uzoq saqlanıwına kómeklesedi. "Muzıkalıq ásbaplar" temasındaǵı klasterdi sabaqta vizual (suwretli) túrde qollanıw ushın tómendegi súwret túsindirmesinen paydalanıwıńız múmkin. Bul sızılmanı klas taxtasına sızıw yamasa úlken plakat (yamasa prezentaciya) túrinde oqıwshılarǵa kórsetiw ámeliy jaqtan kútilgen nátiyjeni beredi. Klaster (Klaster-dizbek, shınjır) - informaciya kartasın dúziw joli-barlıq strukturanıń mánisin oraylastırıw hám anıqlaw ushın qanday da bir tiykarǵı faktor átirapında ideyalardı toplaw. Birikpe boyınsha tiykarǵı sóz benen onıń qasında temaǵa baylanıslı sóz hám usınıslar kishi dóńgelekler "tiyisli sózler" jazıp qosıladı. Olardı "tiykarǵı" sóz benen sızıqlar járdeminde birlestiriledi. Bul "sózlerde" "kishi tiyisli sózler " bolıwı múmkin. Jazıw ajıratılǵan waqıt dawamında yamasa ideyalar tawsılǵansha dawam etiwi múmkin. Dodalaw ushın klasterler menen almasadı.

**"Muzıkalıq ásbaplar" klaster metodı**



**Suwretli klasterdiń sabaqta túsindiriliw jolları (Metodikalıq kórsetpe)**

Oqıtıwshı sabaqta bul klasterdi suwretler arqalı túsindirgende tómendegi **tórt vizual zonaǵa** dıqqat qaratıwı tiyis:

**1-aylanaǵa: Úplep (demli) shertiletuǵın saz ásbaplar. Bunda,** Taxtadaǵı sızıqtıń tómengi bólimine **Nay** (uzın qamıs tayaqsha, tesiksheleri bar) hám **Fleyta** (jıltıraǵan metall trubka) saz ásbaplar atları jazıladı, súwretleri qıstırıladı.

- Oqıwshı súwretke qarap, bul ásbaplardıń ishiniń bos ekenligin hám olarǵa hawa úplew arqalı ǵana ses shıǵarıw múmkinligin vizual oylaydı, kóz aldına keltiredi.

**2- aylanaǵa: Tarlı saz ásbaplar. Bul bólimde** Dutar **(eki tar sımı bar) hám** Rubab súwretleri jaylastırıladı**.**

- Bala ásbaplardıń ústindegi uzın tartılǵan sımlardı kóredi. Qol háreketi menen bul sımlardı shertkende (tarlardı tartqanda) ses tolqınları payda bolatuǵının kóz aldına keltiredi.

**3-aylanaǵa: Urıp-shertiletuǵın saz ásbaplar. Klasterdiń bul tarmaǵında eki tayaqshası bar úlken Baraban hám tegis, dóngelek milliy Dáp (sheńber) súwreti orın aladı.**

- Bala súwrettegi tayaqshalar hám tegis jalpaq bet, balanıń mıyına "bunu urıw kerek" degen fizikalıq signaldı jiberedi. Bul ásbaplardıń ritm uslap turıw qásiyetin vizual túsiniwge háreket etedi. Súwretli klaster-bul balanıń **"Kórdim, Túsindim, Esime saqladım"** degen kognitivlik formulasın iske túsiriwshi eń áhmiyetli kórsetpeli qural esaplanadı. Oqıwshı ásbaplar dizimin yadlap qoymastan, ol dáslep ásbaplardı **atqarılıw usılına qaray** (úplep, tarlı, urıp-shertiletuǵın) klassifikaciyalaydı (analizleydi), sońınan hár bir toparǵa milliy hám jáhán ásbapların jaylastıradı. Bul balanıń mıyında qatań logikalıq oylawdı payda etedi.

**"Sinkveyn" (Cinquain) metodı. "Sinkveyn"**- bul francuz sózinen alınǵan bolıp (*cinq*- bes), belgili bir qatań qásiyetler boyınsha 5 qatardan ibarat qosıq (pikir) qurıw jolları bolıp tabıladı. Bul metod oqıwshıdan úlken informaciya kóllemin analizlep, onıń eń tiykarǵı mánisin qısqa, logikalıq hám kórkem túrde túsindiriwdi talap etedi. **Sinkveyn duziwde:**

1-qatar: **Tema (bir ǵana atlıq/sóz) — Ne? Kim?**

2-qatar: **Sıpatlama (eki sıpat) — Qanday?**

3-qatar: **Is-háreket (úsh barlık/feyil) — Ne qıladı? Ne isleydi?**

4-qatar: **Mánisi (tórt sózden ibarat gáp) — Tiykarǵı mánisi.**

5-qatar: **Sinonim (oraylıq sózdiń mánislesi yamasa juwmaqlawshı sóz).**

**Muzıka sabaqlarında: "Nama" (Melodiya) temasında:**

1. **Nama.**
2. **Jaǵımlı, múlayım.**
3. **Esitiledi, tolqınlandıradı, jılatadı.**
4. **Insannıń júregine jetip baradı.**
5. **Muzıka (yamasa Dawıs).**

**"Kompozitor" Mısalı: I.S.*Bax* yamasa milliy kompozitorlar temasında:**

1. **Kompozitor.**
2. **Talantlı, organshı.**
3. **Oylaydı, jaratadı, jazadı.**
4. **Dúnyaǵa belgili shıǵarmalar dóretedi.**
5. **Jaqsı temperaciyalanǵan klavir. 2 bólimli shıǵarmalar toplamı. (Yaratıwshı).**

Baladan úsh minut ishinde qanday da bir kompozitor yamasa muzıkalıq janr haqqında bes qatar jazıw talap etilgende, balanıń miyi jedel isleydi. Ol kereksiz sózlerdi alıp taslap, tek eń áhmiyetli, logikalıq baylanısqa iye sózlerdi tańlaydı. Bul -logikalıq oylawdıń eń joqarı basqıshı bolǵan **sintez hám anıqlap, juwmaqlaw** qábiletin rawajlandıradı.

**"Klaster" hám "Sinkveyn" metodların integraciya etip kórilse, m**uzıka sabaqlarında bul eki metodtı bir-birine baǵdarlap, tómendegi basqıshlar menen qollanıw sabaq sapasın asıradı:

**Muzıka sabaǵında metodlar integraciyası**

1-Basqıshta: Informaciya alıw (Muzıka tıńlaw yamasa úyreniw

2-Basqıshta: KLASTER duziw (Bılımlerdi tarmaqlaw hám analiz)

3-Basqıshta: SINKVEYN jazıw (Pikirdi ıqshamlap, sintezlew)

Oqıtıwshı sabaqta jańa tema boyınsha (mısalı, *"Opera janrı"*) maǵlıwmat beredi hám operadan úzindi tıńlatadı.

**1-basqısh (Klaster):** Oqıwshılar kishi toparǵa bólınıp, "Opera" sóziniń átrapına onıń quramlı bólimlerin (ariya, uvertyura, dekoraciya, libretto, xor, solist) jazıp, Klaster dúzedi. Bul jerde logikalıq bóliniw kórinedi.

**2-basqıshı (Sinkveyn):** Klaster tiykarında hár bir oqıwshı erkin túrde "Opera" sózine Sinkveyn jazadı. Bul sabaqtıń eń logikalıq sáykes bólimi bolıp tabıladı.

**Balanıń jas ózgesheligin esapqa alıw úlken áhmiyatke iye, yaǵnıy:** Klaster metodın 1-2 klaslardan baslap ápiwayı súwretler hám sızıqlar arqalı baslaw múmkin. Sinkveyn metodın bolsa kóbirek 3-4 klaslardan baslap qollanıw durıs, sebebi bul jasta balalardıń sóz baylıǵı hám gáp quraw logikası ádewir rawajlanǵan boladı.

**Sabaq barısında balaǵa erkinlik beriw óhmiyetli orın tutadı,** Klaster hám Sinkveyn jaratılıp atırǵanda balalardıń pikirin qatań ramkaǵa salmaw kerek. Muzıka-bul erkinlik

álemi. Balanıń logikalıq baylanısı ózi ushın durıs bolsa, oqıtıwshı onı xoshametlewi tiyis.

Integraciyallıq sabaqlardı sabaq barısında qollanıw úlken áhmiyetke iye, bul metodlar arqalı muzıkanı ana tili, ádebiyat hám súwretlew óneri pánleri menen integraciyalap ótkeriw oqıwshınıń ulıwma dúnya tanıwın, kóz-qarasın, logikasın asıradı.

Muzıka mádeniyatı sabaqlarında "Klaster" hám "Sinkveyn" sıyaqlı zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw-bılımlendiriw nátiyjeliligin táminlewshı eń áhmiyetli adımlardıń biri. Bul metodlar sabaqtı bir túrde, yadlaw formaların ózgeshe usılda úyretiw, janlı, interaktiv usıllarda túsindirip, maǵlıwmatlardı eslep qalıwına jol ashıp beredi.

Eń baslısı, "Klaster" arqalı oqıwshılarda muzıkalıq túsıniklerdi sistemalastırıw hám strukturalıq analizlew qábileti qáliplesedi, "Sinkveyn" arqalı óz sezimlerin hám muzıkalıq bılımleriniń eń tiykarǵı mánisin logikalıq oylawı arqalı bilim kónlikpesi rawajlanadı. Juwmaqlap aytqanda, muzıka sabaqlarında sonday innovaciyalıq metodlardı qollanıw, keleshekte tek ǵana jaqsı tıńlawshı yamasa atqarıwshını emes, bálki logikalıq hám sın kózbenen oylay alatuǵın, intellektual rawajlanǵan shaxstı tárbiyalawǵa jol ashadı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar


1. Sharipova.G. *Muzıka oqıtıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar*. Nókis: Bilim. 2019
2. Ishmuhamedov. R., & Abduqodirov.A. *Ta'limda innovatsion texnologiyalar*. Toshkent: Iste'dod. 2010
3. Ismailov.A. *Baslawısh klaslarda muzıka oqıtıw metodikası*. Tashkent: Ózbekstan Milliy Enciklopediyası. 2021
4. Umarov.M. *Muzika sabaqlarında interaktiv grafik organayzerlerden paydalanıw*. Pedagogika jurnalı, No. 2, 78-84-b. 2023
5. Halikova.F. *Muzıkalıq oylaw hám onı rawajlandırıw máseleleri*. Tashkent: Fan va texnologiyalar. 2022.
6. A.Omarova. *Maktablarda musiqa darslarida xorijiy ta'lim texnologiyalarini qo'llash usullari*. International scientific journal «MODERN SCIENCE AND RESEARCH» VOLUME 4/ISSUE 9 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ. **https://doi.org/10.5281/zenodo.17069518**
7. A.Omarova. *Baslawısh klaslarda muzıka sabaǵında 4 K modeline baǵdarlawshı interaktiv metodlardı qollanıw usılları*. New Renaissance international scientific journal Research Bib IF-2023:11.01/ISSN: 3030-3753/Volume 2Issue 4 **https://doi.org/10.5281/zenodo.15204878**
8. Отепбергенова Г. Халық фольклорлық дәстүрлерди үйрениў дәуир талабы. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı» ilimiy-metodikalıq jurnalı. 2025-жыл. №4-сан.
9. Отепбергенова Г. Эссе – көркем публицистикалық жанр сыпатында. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı» ilimiy-metodikalıq jurnalı. 2026-жыл. №1-сан.
10. Otepbergenova G. Úrp-ádet, dástúrler - ruwxiy mádeniyatimiz negizleri. Sun'iy intellekt falsafasi: tarixiylik va zamonaviylik dialektikasi" mavzusidagi konferensiya. 2026-jıl 22-may.
11. Отепбергенова Г. Халқ педагогикаси ва миллий қадриятлар. Qo'qon DPI. Ilmiy xabarlar 2025-yil 9-son.